

SS.7.C.3.6

Evalye dwa konstitisyonèl yo ak enpak yo sou moun yo ak sosyete a.

SS.7.C.3.6 Klarifikasyon Sou Nosyon Fondamantal 3: Etidyan yo pwal itilize senaryo yo pou rekonèt e/oubyen evalye opsyon yo pou eksèsis dwa konstitisyonèl yo.

Lakou Siprèm peyi Etazini an nan ka Vil Kelo vs London (2005) te fokis sou **dwa pwopyetè yo**. Vil New London, Konektikèt, te vle itilize domèn gwo zouzoun (*bagay wo nivo, bagay gwo chèf*) pou yo pran pwopyete prive yo pou kòmanse anpil nouvo biznis. Vil te kwè I te kòrèk pou yo te pran tè a paske publik la tap benefisyé nan **libète ekonomik** la pou yo rantre nan biznis yo, pou kreye anpil travay, e pou gouvènman an ka fè plis kòb nan taks. Lakou Siprèm lan te kenbe (dakò avèk) dwa vil sou gwo domèn yo, epi pou vil la te kapab la ka pran pwopryete yo. Tribunal la te deside ke nouvo biznis yo ap gen pou kolekte taks sou sa yo vann ak taks pwopriyete yo, ki tap kontribye a **byen publik** la nan kominate a. Kidonk, se te yon bagay konstitisyonèl pou yo te pran yon kay, oswa yon bagay nan men mèt li.

An 1965, John Lewis ak Hosea Williams te angage yo nan **dezobeyisans civil** pa mwayer refize obeyi yon seri de lwa tankou yon fason yo ka pwoteste politikalman. Yo te fè pati de yon gwoup ki te pi laj ki te met tèt yo ansanm e te mache an pè soti Selma nan Alabama rive jis Montgomery nan Alabama. Yo te fè sa pou yo te ka mete moun yo plis okouran de **diskrimasyon** kont Afriken-Ameriken yo nan zafè vote a. Polis nan Eta Alabama a te di gwoup la ke rasanbleman yo a te kont lalwa, men moun ki tap fè mach la te kontinye ap mache, e menm aprè lapolis te kòmanse atake yo a.

Nan yon lòt ka ankò, Prezidan Franklin Roosevelt te pase yon Lòd Ekzekitif 1966 pandan Dezyèm Gè Mondyal la. Lòd sa a te fose milye Japonè Ameriken nan kan prizon ki pa tap lage yo (**Prizon Fòse**). Fred Korematsu, yon sitwayen Ameriken ki soti nan desandan Japonè yo (li fèt nan peyi a), li te kwè ke li tap sibi zak diskriminasyon paske li te erytye Japonè. Nan *Korematsu vs Etazini* (1944), Lakou Siprèm nan te deside ke aksyon gouvènman an te rezonab pou pwoteje peyi a pendar moman lagè.

anprizònman - kenbe or mete yon moun nan prizon

Anprizònman fòse - kote yo kenbe yon gwoup moun, espesyalman lè gen lage

byen publik - kwayans oswa aksyon ke yo wè kòm benefis pou kominate a an gwo olye de enterè endividyle yo, yo rele sa byen komèn tou

Dezobeyisans civil - refize obeyi ak kèk lwa tankou yon fason pou chak pwotès politik

diskriminasyon - trete yon moun oubyen yon gwoup nan move fason baze sou ras moun nan, reliyion li, swa moun nan se gason, si li andikape, ousinon pou anpil lòt rezon

dwa pou retire dwa yon pwopyetè - dwa gouvènman an pou retire pwopriyete prive pou itilizasyon publik; Senkyèm Amandman an rekòmande ke yo peye moun byen (konpanse) pou pwopriyete yo a si gouvènman an ta pran l nan men yo.

dwa pwopyetè - dwa pou yon genyen pwòp; sa te mansyone nan Senkyèm ak Katriyèm Amandman yo

libète ekonomik - libète pou pwodwi, fè echanj, oubyen itilize anpil manje oubyen sèvis nan fason ki legal